



NeMutungamiri Thomas S. Monson

# Rudo—Musimboti Wakakoshesesa weVhangeri

*Hatikwanise kuda Mwari zvechokwadi kana tisingade vafambidzani vedu parwendo urwu rweupenyu huno.*

Vadikani mabhuratha nemasisita angu, apo Muponesi wedu paishandira aripakati pevanhu, Akabvunzwa negweta raidakuziva, “Mudzidzisi, murairo mukuru pamirairo ndoupiko?”

Mateu anonyora kuti Jesu akapindura achiti:

“Ida Ishe wako nomwoyo wako wose, nomweya wako wose, nokufunga kwako kwose.

“Ndiwo murairo mukuru nowokutanga.

“Wechipiri unofanana nawo, ndiwoyo: Ida wokwako sezvaunozvida iwe.”<sup>1</sup>

Marko anopedzisa nyaya yacho neshoko reMuponesi rinoti: “Hakuno murairo mukuru kunaiyeyo.”<sup>2</sup>

Hatikwanise kuda Mwari zvechokwadi kana tisingade vafambidzani vedu parwendo urwu rweupenyu huno. Zvimwechetezvo, hatikwanise kuda zvakazara vamwe vedu kana

tisingade Mwari, Baba vedu tose. MuApositora Johane anotitaurira kuti, “Iwoyu murairo wakabva kwaari, Wokuti unoda Mwari ngaadewo hama yake.”<sup>3</sup> Tose tiri vana vemweya vaBaba vedu Vekudenga uye, nokuda kwaizvozvo, tiri mabhuratha nemasisita. Apo patinochengeta chokwadi ichi mupfungwa, kuda vana vose vaMwari kunozova nyore.

Zvechokwadi, rudo ndiwo musimboti unokoshesesa wevhangeri, uye Jesu Kristu ndiye Muenzaniso wedu. Upenyu hwake hwakanga huri nhaka yerudo. Vairwara Akaporesa; vaitarisirwa pasi Akavasimudzira; mutadzi Akamuponesa. Pekupedzisira mhomo yaiva nehasha yakatora upenyu Hwake. Asi zvakadaro anorira kubva pachikomo cheGorogota mazwi anoti: “Baba, muvakanganwire; nokuti havazive chavanoita”<sup>4</sup>—muenzaniso wakanakisisa muupenyu huno wemutsa nerudo.

Kune hunhu hwakawanda hunova zviratidzo zverudo, zvakaite setsitsi, mwoyo murefu, kusazvifunga, kunzwisisa, neruregerero. Mukufambidzana kwedu kose, uhwu nehumwe hunhu hwakadai hwunozobatsira kuti vamwe vaone rudo rwuri mumwoyo medu.

Kazhinji rudo rwedu runoratidzwa mukufambidzana kwedu kwezva nezva nevamwe. Zvinonyanya kusha inozova kwaniso yedu yekuona chidikanwi chemumwe nekudaira kwachiri. Ndinogara ndichikoshesa manzwiwo anotaurwa mudetembo pfupi anoti:

*Ndakachema Usiku*

*Nokuda kwekusaona*

*Kwakanditadzisa kusaziva chidikanwi chemumwe munhu;*

*Asi kusvika parizvino handisati ndamboti*

*Ndanzwa kunyange kakukungura kana kadiki*

*Nokuda kwekuva netsisti*

*zvapakpfuuridza.*<sup>5</sup>

Nguva pfupi yakapfuura ndakaziviswa nezvemuenzaniso unobata mwoyo wetsisti dzine rudo—uyo wakava nemubairo usingatarisirwe. Gore racho raiva 1933, apo nokuda kwedambudzikira kukuru kwemamiriro eupfumi hwenyika muUnited States (the Great Depression), mikana yemabasa yaiva mishomanana. Nzvimbo yacho yaiva chikamu chekuchamhembe cheUnited States. Arlene Biesecker akanga achangobva kugirajuweta kubva kuchikoro chesekondari. Mushure menguva yakareba yekutsvaga basa,

akazopedzisira akwanisa kuwana basa pakambani yembatya semu-soni. Vashandi vepakambani apa vaibhadharwa chete pachinhu chega chega chapedzwa nemazvo chavainge vasona zuva rega rega. Kuwanda kwezvinhu zvavaiburitsa, ndikowo kuwanda kwemubhadharo wavaizopiwa.

Rimwe zuva chinguva chipfupi mushure mekutanga basa pakambani apa, Arlene akatarisana nemaitirwo ekusona akamukangaidza nekumushungurudza. Akagara pamushini wake achiedza kurudunura chinhu chaakanga atadza kupedza chaiedza kusona. Pakaratidzika sepaiva pasina munhu angamubatsira, nokuti vamwe vose vasoni vaimhanyira kupedza zvinhu zvakanwanda sezvavaikwanisa. Arlene akanzwa kushaya zvekuita uye kukundikana. Chinyararire, akatanga kuchema.

Nechekune rwumwe rutivi kubva paiva Arlene kwakanga kwakagara Bernice Rock. Akanga arimukuru uye aine ruzivo rwakanwanda semu-soni. Achiona kunetseka kwaArlene, Bernice akasiya basa rake pachake akaenda parutivi paArlene, achimupa rairo nerubatsiro zvinetsisti. Akagara rapaari kusvikira Arlene ava kuziva zvaaita uye akwanisa kupedza chinhu chaaisona. Bernice zvino akazodzo-kera kumushini wake pachake, asi akanga apotsa mukana wekupedza zvinhu zvakanwanda sezvavaikwanisa kunge akasona, dai akanga asina kubatsira mumwe.

Nechiitiko chimwechete chetsitsi dzine rudo ichi, Bernice naArlene vakava shamwari dzeupenyu hwese. Mumwe nemumwe wavo pashure akazoorwa uye akava nevana. Imwenguva munana 1950, Bernice, uyo akanga ari nhengo yeChechi, akapa Arlene nemhuri yake Bhuku raMormoni. Muna 1960, Arlene nemurume wake nevana vakabhabhatidzwa senhengo dzeChechi. Pashure vakasunganidzwa mutemberi tsvene yaMwari.

Nekuda kwemutsa wakaraidzwa naBernice apo paakasazvifunga

kuitira kuti anobatsira mumwe uyo waakanga asingazive asi aiva mukunetseka uye aida rubatsiro, vanhu vazhinji zhinji, zvese vapenyu nevakafa, iyezvino vanowana rufaro muzvisungo zvinoponesa zvevhangeri.

Mazuva ese eupenyu hwedu tinopihwa mikana yekuratidza rudo netsitsi kune avo vakatikomberedza. Mutungamiri Spencer W. Kimball vakataura kuti: “Tinofanira kuyeuka kuti avo vanhu vatinosangana navo munzvimbo dzinopakwa motokari, mumahofisi, mumaerevheta, uye nekumwe kunhu chikamu icho chevanhu vakapihwa kwatiri naMwari kuti tivade nekuvashandira. Hazvina zva-zvinotibatsira kutaure nezvehukama hwevanhu vese kana tisingakwanise kufunga avo vakatikomberedza semabhuratha nemasisita edu.”<sup>6</sup>

Kazhinji mikana yekuratidza rudo rwedu inouya tisingazvitarisire. Muenzaniso wemukana wakadai wakabuda muchinyorwa chebepa nhau muna Gumiguru 1981. Ndakashamiswa zvikuru nerudo nemutsa zvakaurewa imomo zvekuti ndakachengeta chinyorwa ichi mumafaira angu kwemakore anopfuura makore makumi matatu.

Chinyorwa chacho chinotaure kuti ndege yeAlaska Airlines ya-ibhururuka isingamire munzira kubva kuAnchorage, Alaska, kuenda kuSeattle, Washington— yakachinjwa nzira yayo kuendeswa kuguta reAlaska raiva kure nekune mamwe maguta kana madhorobha kuti inotakura mwana akanga akuvara zvakananyisisa. Mukomana ane makore maviri uyo akanga achekwa tsinga muruwoko rwake apo paakapuzikira pachidimbu chegirazi paaitamba padyo nepamba pake. Guta racho raiva mazana mana ane makumi mashanu emamaira (mazana manomwe ane makumi maviri nemashanu emakiromita) kumaodza-nyemba kweAnchorage uye rakanga risiri zvachose munzira yaifambwa nendege iyi. Zvisinei, varapi vaiedza kubatsira mukomana uyo vakanga vatumira chikumbiro cherubatsiro

rwaidikanwa pakarepo, saka ndege yakachinjwa nzira kubva kwayaienda kuti inotakura mwana uyo ichimuenesa kuSeattle kuitira kuti agokwanisa kunorapwa muchipatara.

Apo pakamhara ndege padyo neguta ririkure iri, varapi vaibatsira mwana vakazivisa mutyairi wendege kuti mukomana uyo akanga achibuda ropa zvakaipisira zvokuti haazokwanisa kurarama rwendo rwekuenda kuSeattle. Sarudzo yakaitwa yekubhururuka mamwe maira mazana maviri (mazana matatu nemakumi maviri emakiromita) neimwe nzira kuenda kuJuneau, Alaska, guta rinechipatara raivariri iro riri padyo.

Mushure mekuendeswa mukomana uyo kuJuneau, ndege yakaenda kuSeattle, yava zvino nemaawa akawanda shure kwenguva yayaiifanira kusvika. Hapana kana mumwechete wevanhu vakanga vakatakurwa akanyunyuta, kunyange vazhinji vavo vaizopotsa maapointimendi avo nedzimwe ndege dzavaifanira kukwira kuenda mberi. Chokwadi ndechekuti, apo maminetsi nemawa paaipfuura, vakaunganidza mari, vakawana mari yakawanda yekupa mukomana uyo nemhuri yake.

Apo ndege payakanga yavakuda kumhara muSeattle, vanhu vakanga vakatakurwa vakatanga kupembera apo mutyairi wendege paakazivisa kuti akanga atambira shoko nemuredhiyo kuti mukomana uyo aizoitira zvakanaka.<sup>7</sup>

Ndakafunga mazwi echinyorwa chitsvene anoti: “Rudo rwakadzama ndirwo rudo rutsvene rwaKristu. . . uye uyo anozoonekwa anarwo pazuva rokupedzisira, zvichazova zvakanaka kwaari.”<sup>8</sup>

Mabhuratha nemasisita, mimwe yemikana yedu mikuru-kuru yekuratidza rudo rwedu inozovamukati medzimba dzedu pachedu. Rudo runofanira kuva chikamu chinokoshesesa cheupenyu hwemhuri, asi dzimwe nguva hazvisi izvozvo. Kunokwanisa kuva nekusava nemwoyo murefu kwakananyisisa, kuitirana nharo kwakananyisisa, kurwisana

kwakawandisa, misodzi yakawandisisa. Mutungamiri Gordon B. Hinckley vakabvunza nekusuwa vachiti: “Sei zvakadaro kuti [avo] vatinoda [zvakananyisa] vanova ndivo vanotambira mashoko edu ehasha nguva zhinji? Sei zvakadaro kuti [isu] dzimwe nguva tinotaura tiine chinangwa chekurwadzisa zvinokuvadza zvikuru-kuru pamwoyo?”<sup>9</sup> Mhinduro kumibvunzo iyi ingangova yakasiyana kune mumwe nemumwe wedu, asi chokwadi ndechekuti zvikonzero zvacho hazvina basa. Kana tikakwanisa kuchengeta murairo wekudana, tinofanira kubatana netsitsi nerukudzo.

Hongu kuchave nenguva apo kuranga pakunofanira kuitwa. Ngatiyeukei, zvisinei, rairo inowanikwa muDzidziso neZvibvumirano—inoti, apo pazvinenge zvakafanira kuti tisiure mumwe, tinofanira kuzoratidza rudo rwakawedzerwa pashure.<sup>10</sup>

Ndinovimba kuti tichaedza nguva dzose kukudza uye kufunga pamusoro pepfungwa nemanzwi uye mamiriro ezvinhu eavo vakatiko mberedza. Ngatiregei kushoropodza kana kudupikisa. Kunze kwaizvozvo, ngativei nemutsa nekukurudzira. Takafanira kuchenjera kuti tisaparadze vimbo yemumwe munhu kuburikidza nemashoko kana zviito zvisina kunaka.

Ruregerero runofanira kufambirana nerudo. Mumhuri dzedu, pamwechete nemushamwari dzedu, munogona kuva nekurwadziwa kwepamwoyo nekusawirirana. Zvakare, hazvina nebasa rose kuti nyaya yacho idiki zvakadii. Haikwanise uye haifanire kusiiwa ichiora, ichikura, uye ichipedzisira yaparadza. Kupomera vamwe vanhu nezvinhu zvavanenge vakanganisa zvinotitadzisa kuporeswa pamwoyo. Ruregerero chete ndirwo runoperesa.

Mumwe mudzimai akanaka uyo akazofa, akandishanyira rimwe zuva uye ndisingafungire akanditaurira

nezve zvimwe zvikunguro zvake. Akataura nezvechimwe chitiko chakanga chaitika makore mazhinji akapfuura uye chaisanganisira murimi akanga akavakidzana navo, uyo neimwe nguva aimbova shamwari yakanaka asi iye nemurume wake vakanga vapesana naye nguva dzakawanda. Rimwe zuva murimi uyu akakumbira kuti angakwanise kudimirira here nemupurazi ravo kuti asvike kumunda wake pachake. Panguva iyi akambomira mukutaura kwandiri uye, nekudedera muizwi rake, akati, “Bhuratha Monson, handina kumubvumira kuyambuka nepapurazi pedu panguva iyoyo kana panguva ipi zvayo pashure asi ndaimurega achienda nekure achitenderera netsoka kuti asvike kumunda wake. Ndakanganisa, uye ndinozvikingura. Akashaya zvino, asi aa, ndinodemba kuti dai ndaikwanisa kuti kwaari, Ndine urombo.’ Ndinoda zvakasimba kuti dai ndaiwana mukana wechipiri wekuva netsisti.”

Apo pandaiteerera kwaari, ndakayeuka mutauro unosuwisa waJohn Greenleaf Whittier wekuti: “Kumazwi ese anosuwisa erurimi kana echinyoreso, anonyanya kusuwisa ndeaya: ‘*Zvingadai zvakave!*’”<sup>11</sup> Mabhuratha nemasisita, apo patinobata vamwe nerudo nekufunga kunetsitsi, tinozodzivirira kukungura kwadai.

Rudo runoratidzwa nenzira zhinji dzinooneka: kunyemwerera, kusimudzira ruoko, mutauro unetsitsi, rumbidzo. Mamwe maratidziro anogona kuva asiri pachena, sezvakaite kuratidza chido muzvitiko zvemumwe, kudzidzisa musimbati netsitsi nemwoyo murefu, kushanyira uyo anorwara kana asingakwanisi kubva pamba. Mazwi nezviito izvi nezvimwe zvakanwanda zvinokwanisa kuratidza rudo.

Dale Carnegie, munyori wemabhuku nemudzidzisi anozivikanwa zvikuru wechiAmerican, aitenda kuti munhu wega wega ane maari “simba

rekuwedzera huwandu hwese hwerufaro [rwe] nyika . . . nekupa mashoko mashoma ekutenda zvechokwadi kune mumwe munhu akasurukirwa kana akaora mwoyo.” Akati, “Zvimwe uchakanganwa mangwana mazwi etsitsi aunotaura nhasi, asi mutambiri angangoakoshesa kweupenyu hwake hwose.”<sup>12</sup>

Ndinovimba tichatanga iyezvino, iro zuva rino, kuratidza rudo kuvana vose vaMwari, kunyange vari nhengo dzemhuri yedu, shamwari dzedu, vatinongozivawo, kana vatisingambozivi. Apo patinomuka mangwanani ega ega, ngatisarudzei kudaira nerudo netsitsi kune chipi zvacho chingauya nekwatiri.

Mabhuratha nemasisita angu, rudo rwunonzwikwa naMwari kwatiri rwakanwanda kudarika kufungidzira kwaani nani zvake. Nokuda kwerudo urwu, Vakatumira Mwanakomana Wavo, uyo akatida zvakanwanda zvekupa upenyu Hwake kwatiri, kuti tigova neupenyu husingaperi. Apo patinosvika pakunzwisisa chipo ichi chisinganzanise, mwoyo yedu inozozadzwa nerudo rwaBaba vedu veKusingaperi, rweMuponesi wedu, uye nerwe vanhu vose. Kutu izvi zvigova saizvozvo ndiwo munamato wemwoyo wangu wese nemuzita rinoera raJesusu Kristu, ameni.


#### KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Mateu 22:36–39.
2. Marko 12:31.
3. 1 Johane 4:21.
4. Ruka 23:34.
5. Munyori haazivikanwe, muRichard L. Evans, “The Quality of Kindness,” *Improvement Era*, Chivabvu 1960, 340.
6. *The Teachings of Spencer W. Kimball*, ed. Edward L. Kimball (1982), 483.
7. Ona “Injured Boy Flown to Safety,” *Daily Sitka Sentinel* (Alaska), Gumiguru 22, 1981.
8. Moronai 7:47.
9. Gordon B. Hinckley, “Let Love Be the Lode-star of Your Life,” *Ensign*, Chivabvu 1989, 67.
10. Ona Dzidziso neZvibvumirano 121:43.
11. “Maud Muller,” mu*The Complete Poetical Works of John Greenleaf Whittier* (1878), 206; kutsinhira kwakaiswa.
12. Dale Carnegie, mu, for example, Larry Chang, *Wisdom for the Soul* (2006), 54.

## Dzidziso dzeNguva Yedu

**K**ubva munaChivabvu 2014 kusvika munaGumiguru 2014, Zvidzidzo zveHupirisita hwaMerkizedeki nezveChita cheRubatsiro zveSvondo yechina zvinofanira kugadzirirwa kubva munhaurwa imwechete kana kupfuura dzakapihwa mumusangano mukuru waKubvumbi 2014. Muna Gumiguru 2014, nhaurwa dzingangosarudzwa kubva mumusangano mukuru waKubvumbi 2014 kana waGumiguru 2014. Vatumamiri vesiteki nevematunhu vanofanira kusarudza nhaurwa dzinozoshandiswa mumaruwa avo, kana kuti vanogovera basa iri kumabhishopi nevatumamiri vemapazi.

Nhaurwa idzi dzinowanikwa mundimi dzakawanda kubva kuconference.lds.orgconference.lds.org.



**NeMutungamiri Henry B. Eyring**  
Mutevedzeri Wekutanga muHutungamiri Hwekutanga

# Nhaka Yakakoshesesa Zvikuru yeTariro

Vadikani mabhuratha nemasisita angu, vamwe venyu makokwa kumusangano uno nevashumiri veChechi yaJesu Krsitu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira. Vashumiri ivavo vangangova vakatokukokai kare kuti muite sarudzo yekuita chibvumirano naMwari nekuva munobhabhatidzwa.

Vamwe venyu murikuteerera nokuda kwekuti makatambira kukoka kwemubereki, mudzimai, kana zvimwe kwemwana, kwakasvitswa kwamuri netarisiro yekuti muchasarudza kudzorera zvbvumiro zvamakatoita naMwari pakati peupenyu hwenyu. Vamwe venyu varikuteerera matoita kare sarudzo yekudzokera kunotevera Muponesi uye murikunzwa nhasi rufaro rwaKe achitambira nerufaro kudzoka kwenyu.

Uri ani zvako uye kuri kupi zvako kwaungave, wakabata mumaoko ako rufaro rwevanhu vazhinji kupinda zvaungakwanise kufungira iyezvino. Zuva rega rega neawa yega yega unokwanisa kusarudza kuita kana kuchengeta chibvumirano naMwari.

Papi zvapo pauri munzira yekugara nhaka yechipo cheupenyu husingaperi, unemukana wekuratidza

vanhu vakawanda nzira yekurufaro rukuru. Apo paunosarudza kuti uite kana kuchengeta chibvumirano naMwari, unosarudza kana uchazosiya nhaka yetariro kuneavo vangango tevera muenzaniso wako.

Iwe neni takaropafadzwa nevimbiso yenhaka yakadai. Rufaro rwangu ruzhinji muupenyu runobva kumurume wandisina kumbobvira ndakaonana naye muupenyu huno. Akanga ari nherera iyo yakava mumwe wemadziteteguru angu. Akandisiira nhaka yetariro inokoshesesa zvikuru. Regai ndikutaurirei chimwe chechinhano chaakatora mukundigadzirira nhaka iyoyo.

Zita rake rainzi Heinrich Eyring. Akazvarwa mumhuri yakapfuma zvikuru. Baba vake, Edward, vaive nemusha mukuru muCoburg, umo mavakunzi Germany iyezvino. Amai vavo vaiva veumambo, Viscountess Charlotte Von Blomberg. Baba vamai vake ava vaiva muchengeti wenyika dzamambo wekuPrussia.

Heinrich aiva mwanakomana wekutanga waCharlotte naEdward. Charlotte akafa ava nemakore makumi matatu nerimwechete, mushure mekuzvarwa kwemwana wake

wechitatu. Edward akafa chinguva chipfupi mushure mezvo, achinge arasikirwa nezvinhu zvake zvose nehupfumi hwake hwose mukutadzika kwezvemachengeterwo ezveupfumi. Akanga aine makore makumi mana chete ekuzvarwa. Akasiya vana vatatu vari nherera.

Heinrich, sekuru vababa vangu, vakanga varasikirwa nevabereki vavo vose uye nenhaka huru yepanyika. Vakanga vasina kana peni. Vakanyora munhorondo yavo kuti vakanzwa kuti tariro yavo yakanakisisa yaiva yekuenda kuAmerica. Kunyange vakanga vasina mhuri kana shamwari ikoko, vaiva nemanzwiro etariro pamusoro pekuenda kuAmerica. Vakatinga kuenda kuNewYork City. Pashure vakazotamira kuSt. Louis, Missouri.

MuSt. Louis mumwe wevavaishanda navo aiva Mutendi waMazuva Ekupedzisira. Kubva kwaari vakawana chibhuku chakanyorwa naGosa Parley P. Pratt. Vakachiverenga zvino vakazonzvera shoko rese ravaikwanisa kuwana pamusoro peVatendi vaMazuva Ekupedzisira. Vakanamata kuti vazive kana kwaive zvechokwadi nengirozi dzaizviratidza kuvanhu, kana kwaive nemuporofita anorarama, uye kana vakange vawana chitendero chechokwadi chakazarurwa naMwari.

Mushure memwedzi miviri yekunyatsonzvera nekunamata, Heinrich akava nechiroto umo maakudzwa kuti aizobhabhatidzwa. Murume ane zita nehupirisita zvandinokudza, Gosa William Brown, aizoitira chisungo ichi. Heinrich akabhabhatidzwa muchidziva chemvura yekunaya musu waKurume 11, 1855, na 7:30 mangwanani.

Ndinotenda kuti Heinrich Eyring akaziva panguva iyoyo kuti zvandiri kukudzidzaisai nhasi ndezvecho-kwadi. Aiziva kuti rufaro rweupenyu husingaperi rwunouya kuburikidza nehukama hwemhuri uhwo huno-enderera nokusingaperi. Kunyange apo paakanga achangwana chiro- ngwa chaIshe cherufaro, aiziva kuti tariro yake yerufaro rwekusingaperi yaiva pasarudzo dzakasununguka dzevamwe dzekutevera muenzaniso wake. Tariro yake yerufaro rwekusi- ngaperi yaiva pavanhu vakanga vasati vazvarwa.

Sechikamu chenhaka yemhuri yedu yetariro, akasiya nhoroono kuzvizvarwa zvake.

Munhorondo iyoyo ndinokwanisa kunzwa rudo rwake rweavo vedu vaizomutevera. Kubva mumazwi ake ndinonzwa tariro yake yekuti zvizva- rwa zvake zvingangosarudza kumu- tevera panzira yekudzokera kumusha wedu wekudenga. Aiziva kuti hayai- zova sarudzo imwechete huru yekuita asi sarudzo zhinji diki. Ndinotapa kubva munhoroono yake:

‘Kubva panguva yandakatanga ku- nzwa Gosa Andrus vachitaura . . .nda- karamba ndichipinda musangano weVatendi veMazuva Ekupedzisira uye nguva dzandakatadza kuenda kumusangano dzaiva shoma zvikuru, nokuti raiva basa rangi kuti ndipinde misangano iyi.

“Ndinonyora izvi munhoroono yangu kuti vana vangu vangango- tevedzera muenzaniso wangu uye vasazombofa vakarega iri . . . basa rinokosha [rekuungana] neVatendi.<sup>1</sup>

Heinrich aiziva kuti mumisangano yesakaramende taikwanisa kuvandu- dza vimbiso yedu yekuramba tichiye- uka Muponesi uye kuti tive neMweya Wake uinesu.

Wakanga uri Mweya iwoyo waka- mutsigira paushumiri uhwo hwa- kanga adaidzwa mwedzi mishoma chete mushure mekutambira chibvu- mirano cherubhabhatidzo. Akasiya senhaka yake muenzaniso wake wekuramba akatendeka kuushumiri hwake kwemakore matanhatu umo

panguva iyoyo mainzi muIndian Territories. Kutamba kusunu- ngurwa kubva muushumiri hwake, akafamba kubva kuOklahoma ku- svika kuSalt Lake City, chingambwe chingangoita chiuru chimwechete ne- zana remamaira (chiuru chimwechete nemazana manomwe ane makumi manomwe emakiromita).

Chinguva chidiki mushure mai- zvozo akadaidzwa nemuporofita wa- Mwari kuti atamire kumaodzanyemba kweUtah. Kubva ipapo akagashira imwe daidzo yekushanda muushu- miri munyika yake yaakazvarirwa yeGermany. Zvino akazotambira ku- kokwa kwekuva muApostora waIshe Jesu Kristu kuti abatsire kuvaka matu- nhu eVatendi vaMazuva Ekupedzisira kuchamhembe kweMexico. Kubva ikoko akadaidzwa kuMexico City se- mushumiri azere zvakare. Akazadzi- kisa daidzo idzodzo. Arere akavigwa panzvimbo diki yemakuva muColo- nia Juárez, Chihuahua, Mexico.

Handisi kudzorora zvokwadi izvi nechinangwa chekuti iye kana kuti zvaakaita zvinoshamisa, kana nekuti zvizvarwa zvake zvakakosha. Ndiri kudzorora zvokwadi izvozo kumukudza nemuenzaniso werute- ndo netariro zvaiva mumwoyo make.

Akatambira daidzo idzodzo nokuda kwerutendo rwake rwekuti Kristu akamutswa kuvakafa naBaba vedu Vekudenga vakanga vazviratidza kuna Joseph Smith muchitondo chemiti mudunhu reNew York. Akadzitambira nokuti aive nerutendo rwekuti makii ehupirisita muChechi yaIshe akanga adzorerwa nesimba rekusunganidza mhuri narinhi wose, kana chete vaive nerutendo rwakakwana rwekuche- ngeta zvibvumirano zvavo.

SaHeinrich Eyring, tateguru wangu, ungangova wekutanga mumhuri yako kutungamira nzira yekuupenyu husingaperi nemunzira yezvibvumirano zvinoyera zvinoitwa nokuchengetwa neushingi nerute- ndo. Chibvumirano chega chega chinouya chiine mabasa nevimbiso. Kwatiri tose, sezvaakanga ari kuna Heirich, mabasa iwayo dzimwe nguva

akareruka asi kazhinji akaoma. Asi yeukai, mabasa aya anofanira kuoma dzimwe nguva nokuti chinangwa chawo ndeche kutifambisa nemunzira yekunorarama narinhi wose naBaba Vekudenga neMwanakomana Wavo Anodikanwa, Jesu Kristu, mumhuri.

Munoyeuka mazwi anobva mu- bhuku raAbrahama anoti:

“Uye pakamira mumwe pakati pavo akanga akaita saMwari, uye akati kune avo vakanga vainaye: Tichaenda pasi, nokuti pane nzvimbo ipapo, uye tichatora zvinhu izvi uye tichaita nyika apo ava vachagara;

“Uye tichavayedza ipapo,” akadaro Ishe, “kuti tione kuti vachaita here zvole zvinhu zviri zvipi Ishe Mwari wavo zvavachavaudza kuti vaite.”

“Uye avo vachachengeta nzvimbo yavo yekutanga vachapamhidzirwa; uye vasingachengete nzvimbo yavo yekutanga havazowana kubwinya muumambo humwechete hwo neavo vanochengeta nzvimbo yavo yekuta- nga; uye avo vanochengeta nzvimbo yavo yechipiri vachawana kupamhi- dzirwa kwekubwinya kwavo pami- soro yavo nariini nariini.”<sup>2</sup>

Kuchengeta nzvimbo yedu yechi- piri kunoenderana nekuita kwedu zvibvumirano naMwari uye nekuita zvakatendeka mabasa anodikanwa kwatiri. Zvinoda rutendo muna Jesu Kristu seMuponesi wedu kuti tiche- ngete zvibvumirano zvinoyera kweu- penyu hwese.

Nokuti Adamu naEva vakaputsika, muwe nemumwe wedu achasangana nezviedzo, zvinetso, nerufu. Zvisinei, Baba vedu Vekudenga vane rudo Vakatipa chipo cheMwanakomana Wavo Anodikanwa, Jesu Kristu, seMu- ponesi wedu. Chipo chikuru ichocho neropafadzo neRudzikinuro rwaJesu Kristu zvinounza nhaka kumunhu wese: vimbiso yeKumuka Kuvakafa uye nemukana weupenyu husinga- peri kuna vose vanozvarwa.

Ropafadzo guru guru kune maropafadzo ose aMwari, upenyu husingaperi, hunouya kwatiri chete apo patinoita zvibvumirano zvino- wanikwa kuburikidza nemuChechi

yechokwadi yaJesu Kristu nevaranda Vake vane mvumo. Nokuda kweKuputsika, tese tinoda shanduro yekuchenewa yerubhabhatidzo nekuiswa maoko pamusoro kuitira kuti tigasire chipo cheMweya Mutsvene. Zvisungo izvi zvinofanira kuitwa neavo vane mvumo chaiyo yehupirisita. Zvino, nerubatsiro rweChiedza chaKristu neMweya Mutsvene, tinokwanisa kuchengeta zvose zvizvimirano zvatinoita naMwari, kunyanya izvo zvinopihwa mumatemberi avo. Nemunzira iyoyo chete, uye nerubatsiro irworwo, ndipo panokwanisa munhu upi zvake kuwana nhaka yake yaakakodzera semwana waMwari mumhuri narinhi wose.

Kune vamwe varikuteerera kwandiri, izvi zvingangoratidzika sechiroto chisingazombobudirira.

Makaona vabereki vakatendeka vachisuwa nekuda kwevana vakaramba kana vakasarudza kutyora zvizvimirano zvavo naMwari. Asi vabereki ivavo vanokwanisa kuwana nyaradzo netariro kubva kune zvimwe zviitiko zvakasanganyikwa nazvo nevamwe vabereki.

Mwanakomana waAruma nevanakomana vaMambo Mosia vakatendeka kubva pakupandukira kunotyisa zvizvimirano nemirairo yaMwari. Aruma Mudiki akaona mwanakomana wake Koriandoni achitendeuka kubva mukuita chivi chikuru kuenda kukushandira kwakatendeka. BhukuraMormoni rinonyorwa chishamiso chemaRamani vakarega kutevera tsika dzekuvenga ururami vachienda pakuita chibvimirano chekufa kuti vachengetedze runyararo.

Ngirozi yakatumirwa kuna Aruma mudiki nevanakomana vaMosia Ngirozi yakauya nekuda kwerutendo neminamoto yemadzibaba avo uye nekwevanhu vaMwari. Kubva pamienzaniso iyoyo yesimba reRudzikinuro richishandura pfungwa nemanzwiro zveemunhu, munokwanisa kugashira ushingi nenyaradzo.

Ishe vakatipa tose pekuwana tariro apo patinotambudzika nekubatsira avo vatinoda kuti vatambire nhaka

yavo yekusingaperi. Vakaita vimbiso kwatiri apo patinoramba tichiedza kuunganidza vanhu kwaVari, kunyange apo pavanoramba kukoka kwaVo kwekuti vadaro. Kuramba kwavo kunoVasuvisa, asi haVaregere, kunyangwe nesu hatifanire kuregera. Vanomisa muenzaniso wakanaka kwatiri nerudo rwaVo runoramba ruri: “Uye zvakare kangani ndichikuvhumbamirai sehuku inovhumbamira hukwana dzayo pasi pemapapiro ayo, hongu, Imi vanhu vemba yaIsraeri, makapuznika; hongu, Imi vanhu vemba yaIsraeri, imi mugere kuJerusalem, semi makapuznika; hongu, kangani kandingadai ndakakuvhumbamirai sehuku inovhumbamira hukwana dzayo, asi imi musingade.”<sup>3</sup>

Tinokwanisa kuvimba nechido chisingatadzika cheMuponesi pakuunza vese vana vemweya vaBaba Vekudenga kudzokera kumba kwavo naVo. Mubereki, sekuru kana ambuya, baba vasekuru kana amai vaambuya vese vane chido ichocho. Baba Vekudenga neMuponesi mienzaniso yedu yakanakisa yezvatinokwanisa kuita nezvatinofanira kuita. Havambotimnikidza kuita sarudzo dzakarurama nokuti ururami hunofanira kusarudzwa. Vanoita kuti tikwanise kuona izvo zvakakanaka, uye Vanotirega tichiona rufaro rwunouya nekuita sarudzo dzakarurama.

Munhu wese anozvarwa munyika anogashira Chiedza chaKristu, chinotibatsira kuona nekunzwa icho chakanaka neicho chakaipa. Mwari vakatumira varanda vanorarama vanokwanisa, neMweya Mutsvene, kutibatsira kuona izvo zvaVangade kuti tiite uye neizvo zvaVanorambidza. Mwari vanoita kuti zvidiwe kusarudza chakanaka nekutiita kuti tinzwe mibairo yesarudzo dzedu. Kana tikasarudza chakanaka, tinowana rufaro—pashure Kana tikasarudza huipi, kunouya rusuwo nekunguro—pashure. Mibairo iyoyo inouya zvechokwadi. Asi zvinowanonzonotswa kuonekwa nechinangwa. Dai maropafadzo aiuya panguva iyoyo, kusarudza chakanaka hakwaizovaka

rutendo. Uye sezvo rusuwo dzimwe nguva ruchinonotswawo zvikuru kuuya, zvinoda rutendo kuti unzwe kudikanwa kwekutsvaga ruregerero rwechivi nokukurumidza pane mushure mekunge tanzwa mibairo yacho inosuwisa nekurwadza.

Baba Rihai akasuwa pamusoro pesarudzo dzakaitwa nevamwe vevanakomana vake nemhuri dzavo. Akanga ari murume akanakisisa uye akarurama—muporofita waMwari Aiwanzopupura nezveMuponesi, Jesu Kristu, kwavari. Akanga ari muenzaniso wekuteerera nekushandira apo Ishe pavakamudaidza kuti asiye zvinhu zvake zvose zvenyika kuti aponese mhuri yake kubva pakuparadzwa. Pakupedzisira kweupenyu hwake, akanga achirikungopupura kuvana vake. SeMuponesi—uye kunyange nesimba rekunzwisisa mwoyo yavo nekuona ramangwana zvose zvinosuwisa nezvakanaka—Rihai akaramba achibatsira mhuri yake kuti avaunzire ruponeso.

Nhasi mamiriyoni ezvizvarwa zvaBaba Rihai zviri kuzadzikisa tariro yake yaaiva nayo kwavari.

Chii iwe neni chatingaita kudzidza kubva pamuenzaniso waRihai? Tinokwanisa kudzidza kubva pamuenzaniso wake nekunzvera zvinyorwa zvitsvene nemunamoto uye nekutarisisa zvaaita.

Ndinopa pfungwa yekuti mutarise zvose zviri padyo nezviri kure apo pamunodza kupa nhaka yetariro kumhuri yenyu. Munguva pfupi iri kuuya, kuchave nematambudziko uye Satani achashandisa simba rake kuti atiedze. Uye kune zvinhu zvekumirira nemwoyo murefu, murutendo, muchiziva kuti Ishe vanoita nemunguva Yavo pachavo uye nemunzira Yavo pachavo.

Pane zvinhu zvamunokwanisa kuita nguva ichiripo apo avo vamunoda pavanenge vachiri vadiki. Yeukai kuti munamoto wemhuri wezuva rega rega, kunzvera magwaro matsvane kwemhuri, nekugoverana uchapupu hwedu mumusangano wesakaramendi zviri nyore uye zvinoshanda

kana vana vachiri vadiki. Vana vadiki kazhinji vanonzwa Mweya zvirinani kupinda zvatinofungira.

Kana vakura, vanozoyeuka nziyo dzavaiimba nemi. Kunyange kupfuura kuyeuka mumhanzi, vanozoyeuka mazwi ezvinyorwa zvitsvene neuchapupu. Mweya Mutsvene unokwanisa kuvayeuchidza zvinhu zvose, asi mazwi ezvinyorwa zvitsvene nenziyo zvinozoyeukwa kwenguva refu. Ndanngariro idzodzo dzinozounza kudhonzwa kungangovadzosa kana votsauka kwechinguva, zvimwe kwemakore, kubva munzira yekuenda kumba kuupenyu husingaperi.

Tinodzoda kutarira zvepamberi kana avo vatinoda pavanenge vonzwa kurunzira kwenyika uye manzwi ekusabvuma oratidzika seano-fushira rutendo rwavo. Tine rutendo, tariro, nerubatsiro zvinotitungamira uye nekuvasimbisa.

Ndakazviona izvozvo semutevedzeri kuvaporofita vaMwari vaviri

vanorarama. Vanhu vane hunhu hwakasiyana. Asi vanoratidzika sevakafanana pakugara vainetariro. Kana mumwe munhu akayambira pamusoro pechimwe chinhu muChechi, mhinduro yavanonyanya kupa ndeyekuti “Aiwa, zvinhu zvichazonaka.” Kazhinji vanoziva zvakawanda pamusoro pedambudziko iroro kupinda vanhu vanenge vayambira.

Vanozivawo nzira yaIshe, uye nokudaro vanogara vaine tariro pamusoro pehumambo Hwavo. Vanoziva kuti Ndivo Varikutungamira Chechi. Vane simba rose uye Vane hanya. Kana mukaita kuti Vave mutungamiri wemhuri yenyu, zvinhu zvinozonaka.

Vamwe vezvizvarwa zvaHeinrich Eyring havana kutevera nzira yeururami. Asi vazhinji vechizvarwa chake chechina vanoenda kumatemberi aMwari na6:00 mangwanani kunoita zvisungo zvemadzitateguru avasina kumboona. Vanoenda nokuda

kwenhaka yetariro yaakasiya. Akasiya nhaka irikuwanikwa navazhinji vezvizvarwa zvake.

Mushure mezvese zvatinozokwanisa kuita murutendo, Ishe vachazadzikisa tariro dzedu dzemaropafadzo makuru emhuri dzedu kupinda zvatinozofungira. Vanoda zvakanyakisisa kwavari nekwatiri, sevana Vavo.

Tose tiri vana vaMwari Vanorarama. Jesu weNazareta Mwana-komana Wavo Anodikanwa uye Muponesi wedu akamutswa kuva-kafa. Iyi iChechi Yake. Mairi ndimo munemakii ehupirisita, uye nokudaro mhuri dzinokwanisa kuva dzekusingaperi. Iyi ndiyo nhaka yedu inokoshesesa yetariro. Ndinopupura kuti ndeye chokwadi nemuzita raIshe Jesu Kristu, ameni.

#### **KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA**

1. Ona Henry Eyring reminiscences, 1896, typescript, Church History Library, 16–21.
2. Abrahama 3:24–26.
3. 3 Nifai 10:5.